



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024

Ketiban Ndaru

(Mendapat Durian Runtuh)

Penulis
Ninik Suparyani

Ilustrator
Yohanes Satria W.B.



B3





KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024

Ketiban Ndaru **(Mendapat Durian Runtuh)**

Penulis
Ninik Suparyani

Ilustrator
Yohanes Satria W.B.

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah Republik Indonesia

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

KETIBAN NDARU

(MENDAPAT DURIAN RUNTUH)

Penulis : Ninik Suparyani
Ilustrator : Yohanes Satria W.B.
Penerjemah : Anis Sulistyowati
Penyunting : 1. Bahasa Jawa : Doni Dwi Hartanto
 2. Bahasa Indonesia: Nindwihapsari
Penata Letak : Yohanes Satria W.B.

Tim Pelaksana: 1. Wuri Rohayati
 2. Wuroidatil Hamro
 3. Nindwihapsari
 4. M. Haris Ardhani
 5. Rino Edrianto

Penerbit

Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2024
ISBN 978-623-504-915-1

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 20/34, Calibri, Shortcake.
ii, 15 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Bahasa Menyapa

Hai, Pembaca yang Budiman.

Pada tahun 2024 Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta kembali mempersembahkan 97 buku cerita anak seperti yang dilakukan pada tahun 2023. Jika pada tahun 2023 ada sepuluh buku cerita yang bersumber dari manuskrip koleksi Balai Bahasa Provinsi DIY, pada tahun 2024 ini buku cerita sepenuhnya bersumber dari nuansa lokal Yogyakarta dan sekitarnya.

Buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya. Semoga buku ini dapat mendorong minat membaca masyarakat. Selain itu, kami berharap bahwa melalui buku ini, semangat masyarakat dalam melestarikan bahasa daerah makin kuat.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY,

Dwi Pratiwi



23

Kisno, bocah lanang umuré wolung taun. Dhèwèké murid kelas loro SDN Gunung Asri ing wewengkon Gunungkidul. Awaké gedhé dhuwur yèn ditandhingaké karo bocah saumurané.

Ibuné Kisno séda nalika nglairaké dhèwèké. Déné bapakné kerja nèng kutha ora tau kondur. Kisno diopèni simbahé sing wis randha.

Kisno, anak laki-laki berusia delapan tahun. Ia siswa kelas dua SDN Gunung Asri di daerah Gunungkidul. Badannya tinggi besar jika dibandingkan dengan anak seumurannya.

Ibu Kisno meninggal saat melahirkan dia. Sedangkan, bapaknya kerja di kota tidak pernah pulang. Kisno diasuh Simbah yang sudah janda.



Simbahé Kisno asmané Mbah Arjo. Wong wadon tuwa kuwi gawéyané golèk rosok. Anggoné golèk rosok nganggo pit montor sing ditumpangi bronjong.

Mbah Arjo saben éruk ngeteraké Kisno menyang sekolah. Sabanjuré, nukoni rosok kanthi “njajah désa milang kori”. Tegesé mubeng-mubeng désa saka omah siji nèng omah liyané.

Simbah Kisno bernama Mbah Arjo. Perempuan tua itu bekerja mencari barang rongsokan. Dalam mencari barang rongsokan, ia menggunakan sepeda motor yang ditumpangi keranjang.

Setiap pagi Mbah Arjo mengantar Kisno ke sekolah. Selanjutnya membeli rongsokan dengan cara “*njajah desa milang kori* (dari desa ke desa)”. Artinya berkeliling desa dari rumah satu ke rumah lainnya.



Mbah Arjo anggoné kondur ora mesthi wayahé. Kadhang Mbah Arjo kondur awan, nanging kerepé bakda ashar gumantung akèh sethithiké rosokan.

Jlug, tekan ngomah, Mbah Arjo nuli milah barang-barang olèhé ngrosok. Bahan saka wesi didadèkaké siji karo wesi, plastik karo plastik. Menawa wis akèh, dieteraké marang juragané rosok sing diarani *pengepul*.

Mbah Arjo pulang ke rumah dalam waktu yang tidak pasti. Kadang beliau pulang siang, tetapi lebih sering setelah Ashar tergantung sedikit banyaknya rongsoakan.

Jlug, sampai rumah, Mbah Arjo lanjut memilah barang-barang rongsokannya. Bahan dari besi dijadikan satu dengan besi, plastik dengan plastik. Jika sudah terkumpul banyak, diserahkan ke juragan rongso yang dinamakan *pengepul*.



Emané, Kisno putu sing banget ditresnani, ora naté ngréwangi simbahé. Dhèwèké ketungkul dolanan nèng lapangan, pit-pitan, bal-balan, utawa ngundha layangan.

Klambi sing dianggo dolan isih tetep seragam sekolah mau ésuk. Ora tau ganti dhisik. Mula ora mokal yèn seragam sekolahé katon kluwus lan lecek.

Sayangnya, Kisno, cucu yang sangat disayangi, tidak pernah membantu Simbah. Dia asyik bermain di lapangan, bersepeda, sepak bola, atau bermain layang-layang.

Baju yang dipakai bermain masih tetap seragam sekolah tadi pagi. Tidak pernah ganti baju terlebih dahulu. Maka tidak heran kalau seragam sekolahnya tampak kotor dan lecek.



Soré kuwi, grimis rada deres.
Kisno gegancangan mlebu
ngomah, klambiné klebus.
Dhèwèké ora ngomong apa-
apa, nuli nyopot klambi banjur
diuncalaké ana èmbèr.

Dhèwèké gur waton saben
nguncalaké klambi nèng èmbèr
wadiah regedan cerak jedhing.
Ora tau nggatèkaké menawa
klambiné padha tiba nèng lemah.

Sore itu, gerimis agak deras.
Kisno cepat-cepat masuk rumah,
bajunya basah. Tanpa berbicara,
dia langsung saja melepas baju,
dan melemparkannya ke dalam
ember.

Dia hanya asal melempar baju ke
ember tempat baju kotor dekat
kamar mandi. Tidak pernah
memperhatikan kalau baju-
bajunya jatuh di tanah.



Mbah Arjo bola-bali ngandhani Kisno supaya ndèlèhaké klambi kanthi bener lan tertib. Nanging Kisno ora tau nggugu.

Kisno yèn dituturi simbahé malah semaur karo semingkir. Patrap mangkono mau kerep banget ditindakaké Kisno.

Mbah Arjo berulang kali menasehati Kisno supaya meletakkan baju kotor dengan benar dan tertib. Namun Kisno tidak pernah menghiraukan.

Kisno setiap dinasehati oleh Simbah selalu mengelak sambil menjauh. Sikap seperti itu sangat sering dilakukan Kisno.





Simbahé mung gèdhèg-gèdhèg
midhangetaké wangsulané
Kisno. Astané nuli cékat-cèket
njupuki klambi sing pating slebar
dicemplungaké èmbèr kumbahan.
Penggalihé gela, jalaran saliané
wani wangsulane, Kisno uga ora
gelem resik-resik.

Kisno arang nyaponi jogan, latar,
apa manèh pekarangan omahé.
Uwuhé blader, suketé njembrung.
Tumpukan rosok ngebaki omah.

Wengi kuwi kahanané sepi.
Udané nggrejih ora terang-
terang. Apa manèh listriké mati
njalari swasana tambah tintrim.

Kisno sing turu nèng sandhingé
Mbah Arjo, tangi njenggèlèk,
nyaut sènter. Kisno banjur mlayu
tumuju kulah saperlu pipis.

“Adhuh, Mbah! Sikilku, huhuhu,”
jerité Kisno banjur nangis nggero-
nggero ing ngarep kulah.

Simbah hanya geleng-geleng
kepala mendengar jawaban Kisno.
Lalu tangannya segera mengambil
baju yang berhamburan dan
memasukkan ke ember cucian.
Dalam hatinya kecewa, selain
berani mengelak, Kisno juga tidak
mau bersih-bersih.

Kisno jarang menyapu lantai,
halaman, apa lagi pekarangan
rumahnya. Sampahnya
berserakan, rumputnya tinggi-
tinggi. Tumpukan rongsoak
memenuhi rumah.

Malam itu suasana sepi. Hujan
belum juga reda. Apalagi
listrik mati membuat suasana
bertambah menyeramkan.

Kisno yang tidur di samping Mbah
Arjo tiba-tiba bangun, mengambil
lampu senter. Kisno berlari
menuju kamar mandi untuk buang
air kecil.

“Aduh, Mbah! Kakiku, huhuhu!”
teriak Kisno lalu menangis
tersedu-sedu di depan kamar
mandi.

“Ana apa, Lé?” Simbahé nggawa téplok nyetitèkaké kahanané putuné. Kisno nekem driji sikilé karo pringisan ngampet lara.

“Adhuh, hiyuuung, Mbah, sikilku rasané ana sik nyokot, laraaa... panaaas, Mbah!” panjelihé.

“Kuwi, Mbah!” pambengoké Kisno karo nudhingi ula cilik ireng nlesep cedhak èmbèr kumbahan.

“Ada apa, Le?” Simbah membawa lampu teplok memeriksa keadaan cucunya. Kisno menggenggam jari kakinya sambil meringis menahan sakit.

“Aduh, hiyuuung, Mbah, kakiku rasanya ada yang menggigit, sakiiit, panaaas, Mbah!” teriaknya.

“Itu, Mbah!” teriak Kisno sambil menunjuk ular hitam kecil menyusup di dekat ember cucian.



Tanggané kang aran Paimo mara karo bojoné amarga krungu swara ribut-ribut. Sawisé uluk salam lan dibukakaké lawang, Paimo gagé nulungi Kisno. Sikilé diresiki terus diblebet nganggo léndhangé Mbah Arjo supaya upasé ora nyebar.

“Ayo, Mbah, putuné énggal digawa menyang rumah sakit!” pangajaké pawongan gedhé dhuwur iku. Kisno nuli digotong, dilebokaké mobilé Paimo saperlu digawa menyang rumah sakit.

Tetangganya yang bernama Paimo datang bersama istrinya karena mendengar suara ribut-ribut. Setelah mengucapkan salam dan dibukakan pintu, Paimo segera menolong Kisno. Kakinya dibersihkan lalu dibalut dengan selendang Mbah Arjo supaya bisa ularnya tidak menyebar.

“Ayo, Mbah, cucunya segera dibawa ke rumah sakit!” ajak orang yang tinggi besar itu. Lalu, Kisno diangkat dan dimasukkan mobilnya Paimo untuk dibawa ke rumah sakit.



Tekan puskesmas Kisno dijugaké UGD saperlu éntuk *Suntikan Anti Bisa Ular [SABU]*. Nanging Kisno kudu nginep sawetara wektu.

Kisno dipapanaké ana bangsal lan ditunggoni simbahé, déné Paimo lan bojoné bali mulih.

Sampai Puskesmas, Kisno masuk UGD untuk mendapatkan Suntikan Anti Bisa Ular (SABU). Kisno harus menginap beberapa hari.

Kisno ditempatkan di bangsal dan ditemani Simbah, sedangkan Paimo dan istrinya pulang.



Ésuké, kabaré Kisno dicokot ula wis sumebar. Kanca-kancané ing sekolah padha nyritakaké kedadéyan mau bengi. Bu Nani, guruné sing lagi rawuh, banjur dikruyuk lan dilapuri.

Bu Guru sing grapyak kuwi paring dhawuh supaya murid-muridé padha anteng. Murid-murid didhawuhi baris sing tata saperlu mlebu kelas amarga bèl mlebu wis keprungu. Bu Nani banjur jumangkah menyang kantor ngaturaké pawarta mau marang kepala sekolah.

Bu Kepala sanadyan wis sepuh nanging isih katon seger, kudhungan rapi. Panjenengané ngutus murih bareng-bareng niliki Kisno. Bu Nani, sing kaca mripatan iku sumandika.

Sabubaré sekolah, kelas loro diirid Bu Nani, niliki Kisno ing rumah sakit. Kisno katon lemes, sikilé diperban, tangané diinfus. Nalika ngerti kanca-kancané teka, dhèwèké katon sumringah terus padha salam-salaman.

Bu Guru banjur mimpin donga bebarengan, murih Kisno énggal mari. Bocah-bocah padha tadhah tangan ngaminaké pandongané Bu Guru. Sawisé setengah jam Bu Nani nyuwun pamit, simbahé Kisno ngaturaké panuwun.

Paginya, berita Kisno digigit ular sudah menyebar. Teman-temannya di sekolah membicarakan kejadian tadi malam. Bu Nani, gurunya yang baru datang, dikerumuni dan diberi laporan.

Bu Guru yang ramah itu memberi perintah supaya semua siswa tetap tenang. Para siswa diminta berbaris rapi untuk masuk kelas karena bel masuk sudah berbunyi. Kemudian Bu Nani menuju kantor menyampaikan berita tersebut kepada kepala sekolah.

Meskipun kepala sekolah sudah berumur, tetapi masih terlihat sehat, berhijab rapi. Beliau mengutus untuk menjenguk Kisno bersama-sama. Bu Nani, yang berkacamata itu menyetujui.

Sepulang sekolah, murid kelas dua dibersamai Bu Nani, menjenguk Kisno di rumah sakit. Kisno tampak lemas, kakinya diperban, tangannya diinfus. Saat tahu teman-temannya datang, dia terlihat senang lalu saling bersalaman.

Bu Guru memimpin doa bersama supaya Kisno lekas sehat. Anak-anak mengangkat kedua tangan mengaminkan doa Ibu Guru. Setelah setengah jam, Bu Nani izin pamit, Simbah Kisno mengucapkan terima kasih.



Kisno kang dirawat watara patang dina, saiki wis séhat lan bisa sekolah manèh. Dina-dina candhaké Kisno malih dadi sregep ngréwangi simbahé. Ing sekolahan, saliyané mangkaté gasik uga gelem nggatèkaké wulangan, mula bijiné mundhak.

Bu Kepala Sekolah mongkog manahé, pirsá undhak-undhakané Kisno. Mula panjenengané sumadya nanggung béa sekolahé Kisno nganti lulus.

Kisno yang dirawat kurang lebih empat hari, sekarang sudah sehat dan kembali bersekolah. Hari-hari berikutnya Kisno berubah menjadi rajin membantu Simbah. Di sekolah, selain berangkat lebih awal dia juga mau memperhatikan pelajaran, maka nilainya jadi naik.

Bu Kepala Sekolah hatinya bangga mengetahui perkembangan Kisno. Maka dari itu, beliau bersedia menanggung biaya sekolah Kisno sampai lulus.



Biodata



Penulis

Ninik Suparyani seorang Srikandi dari Negeri Batu. Lahir pada tanggal 25 Agustus 1973. Sejak kecil suka membaca buku dan travelling. *Patriot, Meraba Cinta dalam Gelap*, Kumpulan Naskah Lomba Menulis dan Cerita Rakyat DIY adalah beberapa buku hasil karyanya. Sementara itu, buku yang berjudul *Argadumilah* adalah hasil narasinya bersama 11 penulis Gunungkidul lainnya. Ia juga ikut andil dalam penulisan buku *Kumpulan Dongeng Sejarah (Basa Jawa)* bersama pencerita-pencerita DIY. Sebagai seorang guru, ia pernah berpartisipasi dalam penulisan buku *Kumpulan Pantun Nasehat seribu Guru ASEAN [Rekor MURI] tahun 2020*. Goresan tintanya juga turut mewarnai buku *PINASTHIKA LAKSAMANA*, kumpulan puisi akrostik bersama 1234 penyair Indonesia [Rekor MURI] tahun 2024. Saat ini masih aktif mengajar di SD Plembutan I, Playen, Gunungkidul, DIY.



Penerjemah

Anis Sulistyowati, lahir di Klaten dan tinggal di Gunungkidul, bersama suami dan 2 balita. Ia merupakan lulusan S1 Pendidikan Bahasa Daerah UNY. Saat ini ia bekerja sebagai guru Bahasa Jawa di SMA Muhammadiyah Al Mujahidin Gunungkidul. Ia bisa disapa melalui instagram [anice.sulistyowati](https://www.instagram.com/anice.sulistyowati).



Ilustrator

Yohanes Satria WB, ilustrator asal Yogyakarta yang gemar menggambar dan telah meraih beberapa kali juara lomba poster nasional serta berpartisipasi dalam beberapa proyek buku cerita anak. Dengan motivasi untuk menciptakan karya yang dapat hidup dan menginspirasi banyak orang, ia menggabungkan keterampilan teknis dan kreativitas untuk menghasilkan seni yang memukau dan bermakna. Untuk melihat karya-karyanya, silakan mampir ke Instagram [@hahaahans](https://www.instagram.com/hahaahans).



Penyunting Bahasa Jawa

Doni Dwi Hartanto. Dosen Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa, Seni, dan Budaya, Universitas Negeri Yogyakarta. Aktif sebagai peneliti manuskrip dan linguistik Jawa, serta narasumber seminar, lokakarya bahasa, sastra, dan aksara Jawa. Aktif menulis buku dan artikel jurnal ilmiah, serta menjadi editor dan reviewer aktif di jurnal nasional.



Penyunting Bahasa Indonesia

Nindwihapsari, lahir di Surakarta. Pernah menyunting naskah cerita anak. Saat ini aktif sebagai Widyabasa Ahli Muda di Balai Bahasa Provinsi DIY dan memiliki tugas utama di bidang perkamusan dan peristilahan. Ia dapat ditemui di Balai Bahasa Provinsi DIY dengan alamat Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Kotabaru, Yogyakarta atau via posel nindwihapsaribby22@gmail.com

23

Akses buku-buku produk penerjemahan lainnya melalui laman:

<https://penerjemahan.kemdikbud.go.id>



MILIK NEGARA
TIDAK DIPERDAGANGKAN

Kisno, bocah kelas loro SD sing umuré wolung taun.
Ibuné wis séda nalika dhèwèké isih bayi. Kisno diopèni simbahé sing pakaryané golèk rosok. Anggoné golèk rosok diréwangi mlebu metu dèsa. Amarga Kisno bocahé crobo lan ora resikan, sawijining wengi sikilé dicokot ula nganti mlebu rumah sakit. Kepiyé nasibé Kisno sabanjuré?

Kisno, siswa kelas dua SD yang berusia delapan tahun.
Ibunya sudah meninggal saat dia masih bayi. Kisno diasuh simbah yang bekerja mencari barang rongsok. Simbah mencari rongsokan sampai keluar masuk desa. Karena Kisno anak yang jorok dan tidak menjaga kebersihan, suatu malam kakinya digigit ular sampai masuk rumah sakit.
Bagaimana nasib Kisno selanjutnya?



ISBN 978-623-504-915-1 (PDF)



9 786235 049151



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024